

KUIS MATERI MANGSA

Simaken teks cerita lng ngisor iki!
Banjur jawab soal-soal ing ngisore

Kudhung Ujungan



Dina Senin jam kira-kira 12.00 Bima lan kanca-kancane wis rampung olehe sinau ing sekolah. Nalika mulih bebarengan karo kancane sing jenenge Rino, dumadakan udan riwis-riwis. Pancen saiki wis mangsa rendheng, mula sawayah-wayah bisa udan tanpa dinyana. Amarga udane saya deres, Bima nyoba nggoleki payunge. Sawise tas dibukak, payung sing digoleki jebule kari ing omah. Tujune bocah loro mau ketemu Pak Sura, tangga cedhak omahe sing lagi ngarit. Pirsana bocah cilik kudan, Pak Sura banjur mecokake godhong gedhang sing pancen urip sakiwa tengena dalan desa mau. Rino age-age nampani ujungan sing diparingi Pak Sura, banjur digawe kudhungan karo Bima. Sanajan tetep kodanan, Bima lan Rino seneng banget kudhungan godhong gedhang mau nganti tekan omah.

1. Sapa sing kudan?
 - a. Bobi
 - b. Siti
 - c. Pak guru
 - d. Bima lan Rino
2. Apa kang ditindakake Bima nalika mulai udan?
 - a. Bima nggoleki payung nanging ora ketemu
 - b. Bima ngeyup ning sekolah
 - c. Bima nelpon wong tuwane
 - d. Bima jajan ning kantin
3. Apa kang ditindakake Pak Sura marang Bima?
 - a. Mecokake godhong gedhang
 - b. Nyilihi Bima payung
 - c. Menehi gedhang goreng
 - d. Ngeterke Bima mulih
4. Kepriye akhire Bima lan Rino nalika ora nduwe payung?
 - a. Langsung mlayu tekan ngomah
 - b. Kudungan godhong gedhang
 - c. Nganggp mantol
 - d. Ngepit ngebut